

Kategori : **ELÈV**

Dat Piblikasyon : 7 oktòb 2010

Nimewo : **A-190**Sijè : CHANJMAN ENPÒTAN NAN UTILIZASYON LEKÒL AK PWOSEDI
POU JESYON BILDING LEKÒL KOTE GENYEN PLIS PASE YON
LEKÒL

Paj : 1 nan 2

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman A-190 Chanselye a ki gen dat 13 desanm 2009.

Chanjman yo :

- Bay eklèsisman sou definisyon distri lekòl kominotè ki afekte” poutèt chanjman enpòtan ki pwopoze nan itilizasyon lekòl nan lekòl segondè yo (paj 1, § I.A).
- Eklèsi definisyon “elèv ki afekte” pou fè referans a elèv k ap patisipe nan tout bilding lekòl ki afekte yo (p. 1, §I.C).
- Bay eklèsisman sou definisyon “konsèy edikasyon kominotè ki afekte (“CEC”)” (paj 1, § I.D).
- Bay eklèsisman sou definisyon “konsèy kominote ki afekte nan konsekans lan” (paj 1, § I.E).
- Asire definisyon “paran” ki itilize nan akò pou règleman avèk definisyon ki endike nan Règleman A-660 Règleman Chanselye a (paj 1, § I.F).
- Revize kijan tèm “chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl” pa ajoute chanjman yo nan òganizasyon lekòl Distri 75, epitou eklèsi tèm nan pa aplike ni pou chanjman nan plasman oswa lokal pwogram yo tankou pwogram pou timoun ki douwe ak ki gen talan nan lokal lekòl yo oswa lòt pwogram yo itilize, ni pou nouvo lekòl ki nan menm lokal epi ki louvri nan nouvo konstriksyon oswa nan lòt lokal Depatman Edikasyon Department of Education (DOE) pa itilize nan moman an. (paj 1, § I.G).
- Ajoute yon definisyon tèm “amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding” pou kapab pèmèt DOE konfòme li avèk Lwa ki Amande sou Lekòl Endepandan Leta Apwouve (paj 1, § I.H)
- Ajoute nouvo apandis ki montre modèl gid pou itilize nan kreyasyon Deklarasyon sou Konsekans sou Edikasyon Deklarasyon sou Konsekans sou Edikasyon (“EIS”) ak Plan pou Itilizasyon Bilding (paj 2, § II.A.1 ak Dokiman siplemantè nimewo 1; paj 2-3 § II.A.2(a)(ii) ak Dokiman siplemantè nimewo 2).
- Ajoute nouvo seksyon ki espesifye enfòmasyon ki dwe fè pati nan EIS ki konsène youn oswa plizyè lekòl endepandan leta apwouve ki nan menm bilding avèk youn oswa plizyè lekòl ki pa endepandan (paj 2-3, § II.A.2).
- Kreye nouvo pwosedi pou ranpli ak distribiye kopi EIS yo ba lekòl ki afekte oswa ki afekte nan konsekans, paran yo, CEC yo, komite dirijan lekòl yo, ak lòt enstitisyon apwopriye. (pp. 3-4, § II.A.3)
- Kreye pwosesis pou pwograme, fikse ajanda pou avi sou odyans piblik sou chanjman enpòtan ki pwopoze nan itilizasyon lekòl la, epitou pou bay avi a. (pp. 4-5, § II.B).
- Eklèsi yon lòt odyans piblik mikses nesèsè apre Chanselye a fin fè gwo revizyon nan yon EIS (p. 5, §II.B.5).
- Kreye peryòd tan sou ki chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la Gwoup diskisyon pou Règleman sou Edikasyon apwouve ki kapab vin anvigè (paj 6, § II.C.5).
- Kreye komite bilding nan tout bilding lekòl leta kote genyen de (2) oswa plis lekòl ki nan bilding nan, epitou kreye orè minimòm pou reyinyon ak pwosedi pou komite bilding sa yo (paj 6-7, § III.A).
- Kreye komite espas komen nan tout bilding lekòl leta yo kote genyen youn oswa plizyè lekòl endepandan leta apwouve ki nan bilding nan ansanm avèk youn oswa plizyè lekòl ki pa endepandan, epitou espesifye se manm komite SLT ki nan lekòl la ki dwe chwazi paran ak reprezantan pwofesè DOE ki nan komite a (paj 7, § III.B.1).

Kategori : **ELÈV**

Dat Piblikasyon : 7 oktòb 2010

Nimewo : **A-190**

Sijè : CHANJMAN ENPÒTAN NAN UTILIZASYON LEKÒL AK PWOSEDI
POU JESYON BILDING LEKÒL KOTE GENYEN PLIS PASE YON
LEKÒL

Paj : 2 nan 2

- Endike, selon egzijans Lwa ki Amande sou Lekòl Endepandan Leta Apwouve, Chanselye a oswa yon moun li deziyen dwe dabò otorize alekri nenpòt amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding ki depase senk mil dola, kèlkeswa kote lajan finansman an sòti, ki fèt pou adapte bilding lekòl kote genyen yon lekòl endepandan leta apwouve tou nan yon bilding lekòl leta, epitou kreye pwosesis kote lekòl endepandan leta apwouve yo ki nan menm bilding ak yon lòt lekòl ap chèche jwenn yon otorizasyon konsa (paj 7-8, § III.B.2).
- Answit, espesifye pou nenpòt amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding Chanselye a otorize, ki amonize amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding dwe fèt nan yon kantite lajan ki egal ak depans lekòl endepandan leta otorize pou chak lekòl ki pa endepandan ki nan menm bilding ak lekòl leta nan twa (3) pwa ki vini apre amelyorasyon yo oswa modènizasyon yo (paj 7, § III.B.2).
- Revize tèm “pwogram D75 ” pou “òganizasyon lekòl D75” toupatou nan règleman an.
- Endike kimoun ki se reprezantan òganizasyon ki dwe resevwa avi pwopozisyon yo oswa envitasyon pou patisipe nan odyans piblik miks, oswa toulède
- Fè mizajou nan non biwo pou kontakte a ki deziyen pou resevwa ransèyman konsènan règleman sa a.

REZIME

An 2009, yo te fè amannman nan Lwa sou Edikasyon Nouyòk pou egzije yon revizyon piblik ak yon pwosesis pou fè kòmantè sou tout pwopozisyon Chanselye a fè pou fèmèn yon lekòl oswa pou fè yon chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl yo. Yo fè amannman nan lwa a tou pou bay Konsèy Edikasyon vil Nouyòk (ki vin gen pou wè a Gwoup diskisyon sou règleman edikasyon yo (PEP)) otorite pou yo apwouve tout pwopozisyon Chanselye a fè pou fèmèn yon lekòl oswa pou fè yon chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl yo. Nan ane 2010 la, yo te fè amannman nan Lwa 1998 Leta Nouyòk sou Lekòl Endepandan Leta Apowuve pou egzije lòt pwosedi anrapò avèk lokal oswa ko-lokal youn oswa plizyè lekòl endepandan leta apwouve ki nan yon bilding lekòl leta ki egziste (“Lwa ki Amande sou Lekòl Endepandan Leta Apwouve”). Règleman sa a ki revize a aplike chak nan amannman sa yo nan lwa a.

I. DEFINISYON

- A. Pou pwopozisyon ki konsène klas primè yo, klas entèmedyè yo ak klas pre-segondè yo, “distri lekòl kominotè ki afekte yo” ta dwe gen pou wè ak distri lekòl kominotè kote lekòl la ki kapab konsène nan pwopozisyon an ye. Pou pwopozisyon ki konsène lekòl segondè yo, tèm lan dwe vle di distri lekòl kominotè ki nan limit jeyografik kote lekòl ki kapab konsène nan pwopozisyon an ye.
- B. Tèm “lekòl ki afekte” ak “lekòl ki afekte nan enpak” gen pou wè sèlman ak òganizasyon enstwisyon endividyèl ki idantifye pou mezi dirèk nan pwopozisyon an ak nenpòt lekòl ki kapab konsène nan yon nouvo ko-lokal akòz mezi ki pwopoze a. Nan ka se yon pwopozisyon ki mande pou agrandi konfigirasyon klas yon lekòl, tèm nan dwe vle di tou nenpòt lekòl ki nan menm bilding avèk lekòl y ap agrandi a.
- C. Tèm “elèv ki afekte” ak tèm “paran ki afekte” gen pou wè ak elèv ak paran elèv ki enskri nan nenpòt bilding lekòl ki afekte nan enpak la nan moman yo fè yon pwopozisyon pou fèmti yon lekòl oswa pou chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la.
- D. Tèm “Konsèy Edikasyon Kominotè ki Afekte nan Enpak la” oswa CEC oswa Komite ki afekte nan enpak la” dwe gen pou wè ak Konsèy Edikasyon Kominotè Community Education Council (CEC) ki reprezante distri lekòl kominotè ki afekte a.
- E. Pou pwopozisyon ki konsène klas primè yo, klas entèmedyè yo ak klas pre-segondè yo, “Konsèy kominote ki afekte nan konsekans lan” dwe genyen ladan konsèy kominote ki genyen limit yo ki fè pati limit jeyografik distri lekòl kominotè kote lekòl ki afekte a ye. Pou pwopozisyon ki konsène lekòl segondè yo, tèm lan dwe genyen ladan konsèy kominote ki nan distri lekòl kominotè a nan limit jeyografik kote lekòl ki afekte a ye.
- F. Dapre definisyon ki nan Règleman A-660 Chanselye a, yon “paran” defini kòm paran oswa gadyen legal elèv la, oswa kòm nenpòt moun ki gen relasyon paran elèv la oswa ki gen lagad elèv la. Definisyon paran genyen ladan : paran byolojik oswa paran nan adopsyon, bòpè oswa bèlmè, gadyen ki deziyen legalman, paran adoptif, ak “moun ki nan relasyon paran” pou yon timoun ki ale nan yon lekòl nan moman an.
- G. Yon “chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl yo” dwe vle di abandon ofi-amezi, fason pou re-modle klas, fason pou re-mete lekòl yo nan yon bilding oswa fason pou mete lekòl ansanm nan menm bilding nan bilding lekòl oswa òganizasyon lekòl Distri 75 yo ap itilize. Yon “chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl” pa dwe genyen ladan chanjman nan pwogram ki baze nan lekòl la, chanjman nan liy separasyon an zòn, oswa plasman/lokal pwogram tankou pwogram pou timoun ki douwe ak pou timoun ki gen talan, nan lokal lekòl yo oswa lòt pwogram yo itilize, epitou tèm nan pa dwe ladan ni ko-lokal nouvo lekòl ki louvri nan nouvo konstriksyon oswa lòt lokal DOE p ap itilize nan moman an.
- H. Yon “amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding” dwe vle di diplis yo ajoute oswa chanjman ki fèt nan yon bilding ki egziste, ki pèmanan epitou ki deziyen pou ogmante valè, bèlte, oswa itilite yon bilding, oswa pou adapte bilding pou nouvo reyalite. Diplis sa a ki ajoute a oswa chanjman sa a ki fèt la ap vin fè pati bilding ki egziste a, oswa li deziyen pou fè yon sèl nèt ak bilding ki egziste a pou si yo te retire li sa ta ka lakòz domaj serye nan bilding nan oswa atik

la apa. Anplis sa ki endike anwo a, sa ki anba la a se yon lis ki pa konplè pou sa yo ajoute oswa pou chanjman ki dwe reprezante modènizasyon bilding yo: penti; ranplasman kouvèti planche (yo); enstalasyon kab rezo elektrik oswa enfòmàtik; epitou lè yo mete è-kondisyone endividyèl fenèt. Chanselye a genyen otorite final la pou detèmine si yon pwøjè ki pwopoze kalifye kòm modènizasyon yon bilding.

II. PWOSEDI POU REVIZYON AK KÒMANTÈ PIBLIK SOU PWOPOZISYON CHANSELYE A POU FÈMTI LEKÒL YO AK POU CHANJMAN NAN ITILIZASYON LEKÒL YO

A. Deskripsyon Konsekans sou Edikasyon

1. Lè Chanselye a fè yon pwopozisyon pou fèmen yon lekòl oswa pou fè nenpòt chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la (sètadi abandon ofi-amezi, re-modle klas, re-mete lekòl la nan yon bilding oswa pou mete lekòl la nan menm bilding ak yon lekòl leta) li dwe prepare yon deskripsyon sou konsekans sou edikasyon ("EIS")¹. EIS sa a dwe genyen ladan, kote sa anvigè :
 - a. Enskripsyon elèv k ap fèt ak enskripsyon elèv ki prevwa pou fèt nan lekòl ki afekte a;
 - b. Fiti bezwen pou bilding lekòl la;
 - c. Konsekans fèmti lekòl la oswa chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la nan kominote a;
 - d. Premye frè ki depanse ak ekonomi lajan ki fèt akòz fèmti lekòl la oswa akòz chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la;
 - e. Disponiblite posib nenpòt lekòl ki fèmen;
 - f. Konsekans pwopozisyon an sou elèv ki afekte yo;
 - g. Yon plan nenpòt itilizasyon ki pwopoze oswa itilizasyon posib bilding lekòl la pou lòt pwogram edikasyonèl oswa pou sèvis administratif yo;
 - h. Konsekans fèmti lekòl la oswa konsekans chanjman nan itilizasyon sou bezwen anplwaye yo, frè enstwisyon an, frè administrasyon, frè transpò, ak frè lòt sèvis sipò;
 - i. Kalite, laj ak kondisyon fizik bilding lekòl la, antretyen, ak frè pou peye pou enèji, dènye amenajman ak amenajman ki planifye pou bilding lekòl la, epi karakteristik espesyal bilding lekòl la;
 - j. Kapasite lòt lekòl yo nan distri kominotè ki afekte a pou adapte elèv yo apre fèmti lekòl la oswa apre chanjman nan itilizasyon lekòl la; epi
 - k. Enfòmasyon konsènan pèfòmans akademik lekòl la, tankou si yo te idantifye lekòl la kòm yon lekòl ki Kontinye ap Genyen Pèfòmans ki pi Fèb la, yon Lekòl ki anba Revizyon pou Enskripsyon, oswa ki nan Sitiyasyon Responsablite Diferan oswa toulède (ki nan Bezwen pou Amelyorasyon, pou Mezi Korektif, oswa pou Restriktirasyon).
2. EIS yo ki Konsène Lokal ak Ko-Lokal yon Lekòl Endepandan Leta Apwouve ki nan yon Bilding Lekòl Leta ki Egziste.
 - a. Pou nenpòt pwopozisyon pou mete yon lekòl endepandan leta apwouve nan yon bilding oswa pou mete li nan menm bilding ak yon lekòl leta ki egziste, yon EIS fèt pou genyen ladan tou sa ki anba la a:
 - i. Rezon ki fè yo te idantifye bilding lekòl leta a pou lokal oswa pou ko-lokal lekòl endepandan leta apwouve; epitou
 - ii. Plan itilizasyon yon bilding, ki dwe genyen ladan, men pa sèlman, enfòmasyon ki anba la yo (yon gid yo sijere pou plan itilizasyon yon bilding ajoute nan règleman sa a nan Dokiman Siplemanchè Nimewo 2):

¹ Gid ki sijere pou EIS la ajoute nan règleman sa a nan Dokiman Siplemanchè Nimewo. 1. Paske chak pwopozisyon pa menm ak okenn lòt, EIS yo ap ajoute enfòmasyon jan sa apwopriye anrapò ak sikonstans patikilye ki asosye ak yon pwopozisyon ki fèt.

- (a) Vrè afektasyon ak pataj salklas ak espas administratif ant lekòl endepandan leta apwouve (yo) ak lekòl ki pa endepandan (yo). Afektasyon an dwe espesifye kantite ak kalite sal ki dwe asiye pou chak lekòl ki nan bilding lan yon fason ki konfòm avèk Apwòch DOE pou Enstriksyon (“Apwòch” la). Plan an dwe espesifye tou kantite ak kalite sal ki pa afekte yon fason ki konfòm avèk Apwòch la. Nenpòt espas ki pa afekte yon fason ki konfòm avèk Apwòch la dwe afekte nan plan an menm jan pami lekòl ki nan menm bilding ak lekòl leta yo. Nan detèminasyon yon afektasyon ki san patipri, DOE kapab konsidere faktè tankou enskripsyon asosye lekòl ki nan menm bilding yo, bezwen pou enstriksyon ak pwogram lekòl ki nan menm bilding yo, pozisyon fizik espas anplis ki nan bilding lan;
- (b) Yon pwopozisyon pou itilizasyon nan tèt ansanm resous ak espas komen ant lekòl endepandan leta apwouve ak lekòl ki pa endepandan yo, tankou men pa sèlman, kafeterya, bibliyotèk, jimnazyòm, ak espas lwazi, ak lakou rekreyasyon, ki asire tout elèv yo gen menm aksè nan espas sa yo nan menm manyè epitou nan moman ki rezonab pou elèv lekòl ki pa endepandan yo menm jan yo ofri yo pou elèv lekòl endepandan leta apwouve yo;
- (c) Jistifikasyon posiblite pou afektasyon ki pwopoze yo reyalize ak orè ki endike nan atik (a) ak atik (b) sou-paragraf sa a, ak fason afektasyon ki pwopoze yo ak itilizasyon komen an ta pèmèt vin genyen yon itilizasyon egale ak konparab bilding lekòl leta a;
- (d) Pwoteksyon ak sekirite bilding lan;
- (e) Estrateji kominikasyon lekòl ki nan menm bilding yo dwe itilize; epitou
- (f) Estrateji pou pran desizyon nan tèt ansanm lekòl ki nan menm bilding yo dwe itilize, tankou kreyasyon yon komite espas komen yon fason ki konfòm avèk seksyon III.B.1. règleman sa a.
- iii. Yon revizyon plan itilizasyon bilding lan dwe egzije apwobasyon PEP ki konsistan avèk egzijans ki konfòm ki avèk sou-divizyon sèt §2590-g lwa Nouyòk sou Edikasyon.
3. Omwen sis mwa anvan premye jou ane akademik lan lè fèmti a oswa chanjman nan itilizasyon dwe vin anvigè, Chanselye a dwe pibliye EIS la sou sit wèb ofisyèl DOE, epitou li dwe mete yon kopi sou papye EIS la disponib nan biwo prensipal (yo) lekòl ki afekte nan konsekans lan (yo). Chanselye a dwe depoze tou yon kopi sou papye EIS la nan biwo PEP la, nan biwo Konsèy Edikasyon Kominotè Community Education Council (CEC) ki afekte nan konsekans lan, nan biwo konsèy kominote ki afekte nan konsekans lan, nan biwo sipè-entandan kominote a, ak nan biwo Komite Dirijan Lekòl yo School Leadership Team(s) (SLT) lekòl ki afekte nan enpak la, Konsèy Vil la pou Elèv k ap aprann Lang Angle *Citywide Council on English Language Learners* (“CCELL”), ak Konsèy Vil la pou Edikasyon Espesyal *Citywide Council on Special Education* (“CCSE”). Pou pwopozisyon ki konsène lekòl segondè yo, Chanselye a dwe depoze yon kopi sou papye EIS la nan biwo Konsèy lekòl segondè pou vil la Citywide Council on High schools (“CCHS”), epi pou pwopozisyon ki konsène elèv afekte ki enskri nan yon òganizasyon lekòl Distri 75 (“D75”), Chanselye a dwe depoze yon kopi EIS la nan biwo Konsèy Lekòl Segondè pou Vil la Citywide Council on Special Education (“CCSE”) ak pou Konsèy D75 lan. Pou pwopozisyon konsènan lekòl segondè yo, Chanselye a dwe voye yon kopi EIS nan imèl pou tout konsèy kominotè yo ak pou CEC yo ki nan minisipalite a, kote adrès lekòl segondè a ye. Pou depoze kopi EIS la kòrèkteman, Chanselye a dwe bay oswa voye pa lapòs nan kourye premye klas yon kopi sou papye EIS la ba Prezidan PEP la, ba asistan administratif (yo) CEC (yo) ki afekte nan konsekans lan, ba prezidan oswa reprezantan konsèy kominote ki afekte (yo), ba sipè-entandan kominote ki afekte (yo), ak ba direktè (yo) lekòl ki afekte nan konsekans (yo) nan kapasite li kòm yon manm SLT, reprezantan CCELL ak reprezantan CCSE yo, epi, jan sa apwopriye, ba prezidan oswa reprezantan CCHS yo, ba Konsèy D75 lan.
4. Sipè-entandan kominote distri lekòl kominotè a dwe bay avi pwopozisyon an ak nenpòt

pwopozisyon revize ki vini apre pou tout paran ki afekte nan konsekans lan, dirèkteman oswa avèk èd adminitrasyon lekòl ki afekte a. Avi a dwe genyen ladan enfòmasyon ki endike kote yo kapab jwenn yon kopi EIS la oswa EIS ki revize a, si sa anvigè. Avi a dwe endike tou dat ak kote y ap fè nenpòt odyans piblik miks sou pwopozisyon an oswa sou pwopozisyon ki revize a (al gade Seksyon II.B.). Nan ka se yon pwopozisyon ki konsène yon lekòl segondè, se sipè-entandan kominote distri lekòl kominotè ki afekte a ak Sipè-Entandan Lekòl Segondè pou lekòl segondè a ki ka konsène nan pwopozisyon an ki dwe bay avi a nan tèt ansanm pou paran ki afekte nan konsekans lan. Nan ka se yon pwopozisyon ki konsène elèv afekte ki anwole nan yon òganizasyon lekòl D75, se sipè-entandan D75 lan ki dwe bay avi a pou paran ki afekte nan konsekans lan.

B. Odyans Piblik Miks

1. Pou tout pwopozisyon pou fèmen yon lekòl oswa pou fè yon chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la, Chanselye a² dwe fè yon odyans piblik miks avèk CEC ak SLT ki afekte nan konsekans lan nan lekòl ki kapab konsène nan pwopozisyon an. CCELL ak CCSE fèt pou jwenn envitasyon pou patisipe nan odyans piblik miks lan. Nan ka se pwopozisyon ki konsène lekòl segondè yo, CCHS la fèt pou jwenn envitasyon tou pou patisipe nan odyans piblik miks lan. Nan ka se pwopozisyon ki konsène elèv afekte ki anwole nan yon òganizasyon lekòl Distri D75, CCSE ak Konsèy D75 fèt pou jwenn envitasyon tou pou patisipe nan odyans piblik miks lan.
2. Fason pou Pwogram Odyans Piblik Miks lan
 - a. Odyans piblik miks lan dwe fèt nan egzakteman trant (30) jou, men pa apre karansenk (45) jou ki vini apre klasman deskripsyon EIS la.
 - b. Anvan klasman EIS la, yon moun oswa yon biwo Chanselye a deziyen fèt pou pwopoze dat ak lè posib pou odyans piblik miks lan ba yon prezidan oswa ba yon reprezantan CEC ki afekte ak direktè lekòl la nan kapasite li kòm manm SLT, epi prezidan yo oswa reprezantan CCELL ak CCSE a, epitou, sizoka se yon pwopozisyon ki konsène yon lekòl segondè oswa elèv enskri ki afekte nan yon òganizasyon lekòl D75, ba reprezantan CCHS ak Konsèy D75 lan, jan sa aplikab. Chak nan gwoup sa yo kapab endike disponiblite yo nan dat sa yo, epitou yo kapab pwopoze lòt dat. Si yo pa kapab jwenn yon akò sou dat odyans lan anvan klasman EIS la, Chanselye a oswa yon moun Chanselye a deziyen fèt pou chwazi yon dat pou yo kapab fè odyans lan nan yon mannyè ki konsistan avèk egzijans obligatwa ki anvigè yo.
3. Ajanda pou Odyans Piblik Miks lan
 - a. Anvan odyans piblik miks lan, yon moun oswa yon biwo Chanselye a deziyen dwe voye yon ajanda miks ki pwopoze pou odyans piblik miks lan ba yon prezidan oswa yon reprezantan CEC ki afekte nan konsekans lan, direktè (yo) lekòl ki afekte (yo) nan konsekans lan nan kapasite li kòm yon manm SLT, ak prezidan oswa reprezantan CCELL ak CCSE, ak ba prezidan oswa reprezantan CCHS ak ba Konsèy D75 lan si sa anvigè. CEC, SLT, ak CCHS oswa CCSE oswa toulède, ak Konsèy D75 lan, jan sa aplikab, dwe jwenn yon opòtinite pou fè kòmantè sou ajanda miks ki pwopoze a, epitou pou pwopoze chanjman nan ajanda a.
 - b. Ajanda a dwe genyen ladan yon ti prezantasyon pwopozisyon Chanselye a, yon moun Chanselye a deziyen, oswa yon Chanselye-Adjwen oswa toulède, nan ka se yon pwopozisyon ki fèt pou fèmti yon lekòl. Ajanda a dwe genyen ladan sou demann yon ti prezantasyon CEC ki afekte nan konsekans lan SLT lekòl ki afekte (yo) nan konsekans lan, ak CCELL, CCSE, CCHS oswa CCSE oswa toulède ak Konsèy D75, si sa aplikab. Si yo pa kapab jwenn yon akò sou sa ki pou nan ajanda a, CEC ki afekte nan konsekans lan, SLT lekòl ki afekte (yo) nan konsekans lan, ak CCELL, CCSE, CCHS la oswa CCSE a oswa toulède ak Konsèy D75 lan, jan sa aplikab, kapab itilize alokasyon tan yo jan yo wè sa apwopriye, apre ti prezantasyon pwopozisyon Chanselye a, moun Chanselye a reprezante a, oswa yon Chanselye-Adjwen, nan ka se yon pwopozisyon ki fèt pou fèmti yon lekòl, ka nan kontrent tan ki

² Pou fèmti lekòl yo pwopoze yo, se Chanselye a oswa Chanselye-Adjwen an, CEC ak SLT ki afekte nan konsekans lan ki dwe fè odyans piblik la. Nan ka se yon chanjman enpòtan ki pwopoze nan itilizasyon lekòl la, se Chanselye a oswa reprezantan li, CEC ak SLT ki afekte nan konsekans lan ki dwe fè odyans an.

endike anba la a.

Nenpòt prezantasyon Chanselye a, moun Chanselye a deziyen oswa Chanselye-Adjwen an, CEC a, SLT a, oswa CCELL, CCSE, CCHS, oswa Konsèy D75 lan, jan sa aplikab, dwe jwenn sèlman yon kantite tan rezonab, epitou yo pa dwe afekte opòtinite pou bay kòmantè.

4. Chanselye a dwe afiche avi odyans piblik miks lan nan sit wèb ofisyèl DOE epitou li dwe bay avi a pou tout paran ak elèv ki afekte yo. Answit, Chanselye a dwe voye notifikasyon ba konsèy kominote yo ak ofisyèl leta ak ofisyèl lokal eli ki reprezante distri kominote ki afekte a. Tout pati enterese yo dwe jwenn yon opòtinite pou fè kòmantè sou pwopozisyon an.
5. Apre revizyon apò piblik la, Chanselye a kapab egzèse otorite li pou fè yon gwo revizyon nan pwopozisyon pou fèmti lekòl la oswa pou chanjman nan itilizasyon lekòl la, depi pwopozisyon ki revize a pa genyen konsekans sou lekòl ki diferan ak lekòl ki idantifye nan premye EIS la. Sizoka Chanselye a decide fè yon gwo revizyon nan pwopozisyon an, li dwe prepare yon EIS revize sou fòm ki endike nan seksyon II.A.1 règleman sa a. EIS ki revize a fèt pou pibliye sou sit wèb ofisyèl entènèt DOE, epitou yon kopi fèt pou depoze nan biwo CEC ki afekte nan konsekans lan, nan biwo konsèy kominote ki afekte yo nan konsekans lan, nan biwo sipè-entandan kominote a, nan biwo SLT lekòl ki afekte nan konsekans lan, ak nan biwo CCHS la oswa CCSE a oswa toulède, ak nan biwo Konsèy D75 lan, jan sa aplikab, nan yon manyè ki endike nan Seksyon II.A.3. Nan egzakteman kenz jou ki vini apre klas EIS ki revize a, Chanselye a oswa Chanselye-Adjwen an, oswa sizoka se yon chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la, Chanselye a oswa yon moun li deziyen fèt pou òganize yon odyans piblik miks yon fason ki konfòm avèk §2590-h(2-a)(d-1) Lwa sou Edikasyon Eta Nouyòk.

C. Apwobasyon PEP

1. Chanselye a dwe soumèt tout pwopozisyon pou fèmti lekòl yo oswa pou chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl yo pou PEP bay apwobasyon li.
2. Nan yon fason ki konfòm avèk §2590-g(8)(a) Lwa Nouyòk sou Edikasyon, anvan pou PEP kapab apwouve nenpòt pwopozisyon pou fèmti yon lekòl oswa pou yon chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la, piblik la dwe jwenn yon opòtinite pou soumèt kòmantè yo sou pwopozisyon an. Omwen karanssenk (45) jou anvan vòt PEP sou pwopozisyon an, PEP a fèt pou pibliye yon avi pwopozisyon an sou sit wèb ofisyèl entènèt DOE, epitou sitou li fèt pou voye avi a sitou ba tout sipè-entandan kominote, tout CEC yo, tout konsèy kominote yo ak tout SLT yo. Avi dwe genyen ladan :
 - a. Yon deskripsyon sijè a, objektif la, ak sa ki nan pwopozisyon an;
 - b. Enfòmasyon ki endike kote yo kapab jwenn tèks konplè EIS la;
 - c. Non, biwo, adrès, imèl, ak nimewo telefòn yon reprezantan distri vil la ki byen konnen sa ki anba konsiderasyon nan men moun yo kapab jwenn nenpòt enfòmasyon konsènan pwopozisyon an;
 - d. Dat, lè ak kote y ap fè nenpòt odyans sou pwopozisyon an;
 - e. Dat, lè ak kote y ap fè reyinyon PEP a kote PEP ap vote sou pwopozisyon an; epi
 - f. Enfòmasyon sou fason pou soumèt kòmantè oral oswa kòmantè alekri sou pwopozisyon an.
3. Si pwopozisyon Chanselye a pou fèmti yon lekòl oswa pou yon chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la genyen gwo revizyon ki fèt ladan nenpòt kilè apre PEP a fin bay avi piblik pwopozisyon an, PEP a dwe bay yon avi piblik revize nan omwen kenz (15) jou anvan yo fè nenpòt vòt PEP sou pwopozisyon an. Avi piblik ki revize a dwe genyen ladan :

- a. Yon deskripsyon sijè a, objektif la, ak sa ki nan pwopozisyon ki revize a;
 - b. Idantifikasyon tout gwo revizyon ki fèt sou pwopozisyon an;
 - c. Yon rezime tout kòmantè piblik yo resevwa sou pwopozisyon an apre yon fin bay premye avi piblik la;
 - d. Enfòmasyon ki endike kote yo kapab jwenn tèks konplè EIS ki revize a;
 - e. Non, biwo, adrès, imèl, ak nimewo telefòn yon reprezantan distri vil la ki byen konnen sa ki anba konsiderasyon nan men moun yo kapab jwenn nenpòt enfòmasyon konsènan pwopozisyon an;
 - f. Dat, lè ak kote y ap fè nenpòt odyans sou pwopozisyon ki revize a;
 - g. Dat, lè ak kote y ap fè reyinyon PEP a kote PEP ap vote sou pwopozisyon ki revize a; epi
 - h. Enfòmasyon sou fason pou soumèt kòmantè oral oswa kòmantè alekri sou pwopozisyon ki revize a.
4. Apre peryòd pou kòmantè piblik la fini, epitou anvan PEP a vote sou pwopozisyon an, PEP a dwe pibliye sou sit wèb ofisyèl entènèt DOE yon evalyasyon tout kòmantè piblik ki fèt konsènan pwopozisyon yo resevwa a anvan vennkat (24) èdtan anvan reyinyon PEP a kote yo kapab vote sou pwopozisyon an. Avi evalyasyon an genyen ladan :
 - a. Yon rezime ak analiz pwoblèm yo ki abòde ak altènativ enpòtan ki sijere yo;
 - b. Yon deskripsyon rezon ki fè yo pa t entwodui nenpòt altènativ enpòtan nan pwopozisyon an;
 - c. Yon deskripsyon nenpòt chanjman ki fèt nan pwopozisyon an akòz kòmantè piblik yo resevwa yo; epi
 - d. Enfòmasyon ki endike kote yo kapab jwenn tèks konplè EIS ki revize a;
 5. Pwopozisyon PEP a apwouve yon fason ki konfòm avèk paragaf (e) sou-divizyon (2-a) seksyon 2590-h Lwa Nouyòk sou Edikasyon pa dwe anvigè jouk lè yo satisfè tout dispozisyon aplikab règleman sa a, epitou jouk lè ane akademik lè PEP a te bay apwobasyon li fini.

III. **PWOSEDI POU JESYON BILDING LEKÒL KOTE GENYEN PLIS PASE YON LEKÒL OSWA YON PWOGRAM**

A. Komite Bilding yo

1. Yo fèt pou kreye yon komite bilding nan chak bilding lekòl leta kote genyen de (2) oswa plis lekòl, oswa kote genyen youn oswa plizyè lekòl ki genyen yon òganizasyon lekòl D75 avèk plis pase twa salklas nan bilding lan. Komite bilding lan fèt pou fòme avèk direktè chak lekòl ki pa endepandan ki nan menm bilding ak lekòl leta a oswa yon òganizasyon lekòl D75 (oswa direktè-adjwen an òganizasyon lekòl D75 lan), ak yon reprezantan yo deziyen nan chak lekòl endepandan leta apwouve ki nan menm bilding ak lekòl leta a. Manm komite yo dwe reyini yon fwa pa mwa pou diskite ak pou rezoud pwoblèm ki asosye ak fonksyonman regilye tout lekòl ak pwogram ki nan bilding lan chak jou, epitou pwoblèm ki asosye ak sekirite elèv y ap sèvi yo.

Sizoka yon komite bilding pa kapab jwenn rezoud yon pwoblèm, pwosedi pou rezoud konfli ki endike nan Memorandòm Règleman Kanpis la ak Pwosedi yo, ki disponib nan sit wèb <http://schools.nyc.gov/community/campusgov> fèt pou aplike.
2. Komite bilding lan ap kreye epi konsève ajanda ak kontrandi reyinyon yo. L ap kreye ak konsève tou sèten lòt dosye ki asosye ak jesyon bilding lekòl la, nan mannyè ki endike nan Memorandòm Règleman Kanpis la ak Pwosedi yo, ki disponib nan sit wèb <http://schools.nyc.gov/community/campusgov>.

- B. Lekòl Endepandan Leta Apwouve ki nan Menm Bilding avèk youn oswa plizyè Lekòl ki pa Endepandan oswa Sèten Òganizasyon Lekòl D75
1. Komite Espas Komen
 - a. Yo fèt pou kreye yon komite espas komen nan chak bilding lekòl leta kote genyen youn oswa plizyè lekòl endepandan leta apwouve ye ki genyen youn oswa plizyè lekòl leta ki pa endepandan oswa ki genyen yon òganizasyon lekòl D75 avèk plis pase twa salklas nan bilding lan. Komite espas komen an fèt pou fòme avèk direktè lekòl la (oswa yon asistan direktè òganizasyon lekòl D75 lan), yon pwofesè, ak yon paran nan chak lekòl ki nan menm bilding ak lekòl leta a oswa nan chak òganizasyon lekòl D75. Anrapò avèk pwofesè ak paran manm lekòl ki pa endepandan yo, se manm ki fòme SLT apwopriye nan lekòl la ki dwe chwazi manm komite espas komen an.
 - b. Komite a fèt pou reyini omwen kat fwa pou chak ane akademik. Anrapò avèk lekòl endepandan leta apwouve ki gen lokal oswa ko-lokal nan yon bilding lekòl leta PEP te apwouve apre dat Lwa ki Amande sou Lekòl Endepandan Leta Apwouve te anvigè (sètadi 28 me 2010), komite espas komen an fèt pou revize aplikasyon plan Chanselye a te devlope ak PEP a te apwouve pou itilizasyon bilding lan. Anrapò avèk lekòl endepandan leta apwouve yo ki te jwenn apwobasyon pou gen lokal yo nan yon bilding lekòl leta oswa ki te jwenn apwobasyon pou yo nan menm bilding ak yon lekòl leta anvan dat Lwa ki Amande sou Lekòl Endepandan Leta Apwouve te anvigè, komite espas komen an fèt pou revize aplikasyon dènye plan espas bilding lan ki anplas nan bilding sa yo.
 2. Amelyorasyon Ekipman ak Modènizasyon Bilding
 - a. Chanselye a oswa yon moun li deziyen fèt pou otorize alekri dabò nenpòt amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding ki pwopoze epi ki depase senk mil dola kèlkeswa kote lajan finansman an ap sòti, ki fèt pou adapte ko-lokal yon lekòl endepandan leta apwouve nan yon bilding lekòl leta. Chanselye a oswa yon moun li deziyen kapab poze kondisyon pou bay otorizasyon an lè li resevwa nan enstitisyon finansman ki mande otorizasyon an apeprè kantite lajan ki nesèsè pou finanse depans pou amelyorasyon ekipman yo oswa modènizasyon bilding ki dwe fèt nan chak lekòl ki pa endepandan nan bilding lekòl leta pou satisfè egzijans paragaf d sou-divizyon 3 seksyon 2853 Lwa sou Edikasyon an. Depans pou travay ak ekipman fèt pou ajoute nan kalkil depans yon amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding ki pwopoze. Yo fèt pou konsidere tout travay ki fèt ak tout ekipman ki achte kòm pati yon sèl pwojè nan kalkil depans yon amelyorasyon ekipman oswa yon modènizasyon bilding ki pwopoze. Pou nenpòt amelyorasyon oswa modènizasyon Chanselye a apwouve, amelyorasyon ekipman yo oswa modènizasyon bilding yo dwe fèt nan yon kantite lajan ki egal ak depans lekòl endepandan leta apwouve pou chak lekòl ki pa endepandan nan bilding lekòl leta a. Pou nenpòt amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding ki depase senk mil dola epi ki te jwenn apwobasyon Chanselye a, kèlkeswa kote lajan finansman an sòti, ki fèt nan yon lekòl endepandan leta apwouve ki nan menm bilding avèk yon lekòl leta, amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding ki annamoni yo dwe fèt nan yon kantite lajan ki egal ak depans lekòl endepandan leta apwouve pou chak lekòl leta ki pa endepandan nan bilding lekòl leta a nan limit twa mwa ki vini apre amelyorasyon oswa modènizasyon yo.
 - b. Pwosesis Apwobasyon
 - i. Yo fèt pou soumèt tout amelyorasyon ekipman ak modènizasyon bilding alekri komite bilding ki nan bilding lan ak komite espas komen anvan soumisyon ba Divizyon Operasyon. Pwopozisyon ki ekri a fèt pou soumèt ba Divizyon Operasyon yo, oswa ba lòt biwo ki deziyen, omwen nan 15 jou lekòl anvan dat ki pwopoze pou kòmansman pwojè a. Yo fèt pou jwenn finansman yon lekòl endepandan leta apwouve pou yon amelyorasyon ekipman oswa yon modènizasyon bilding ki pwopoze nan moman y ap soumèt pwojè a.

- ii. Divizyon Operasyon yo, oswa reprezantan li, fèt pou revize aplikasyon lekòl endepandan leta apwouve pou bay apwobasyon pou amelyorasyon ekipman yo oswa pou modènizasyon bilding, epitou li dwe fè rekòmandasyon pou apwobasyon ba Chanselye a oswa ba yon moun li deziyen.
- iii. Chanselye a oswa yon moun li deziyen fèt pou fè operatè lekòl endepandan leta apwouve ak lekòl ki pa endepandan ki nan menm bilding ak lekòl leta yo konnen desizyon pou bay oswa pou refize bay apwobasyon amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding ki pwopoze a.
- iv. Nenpòt chanjman nan premye kantite travay ki pwopoze pou amelyorasyon ekipman lekòl la oswa pou modènizasyon bilding lekòl la fèt pou jwenn apwobasyon Chanselye oswa yon moun li deziyen anvan aplikasyon chanjman nan kantite travay la.
- v. Nenpòt lekòl endepandan leta apwouve k ap vanse avèk yon amelyorasyon ekipman oswa avèk yon modènizasyon bilding ki pa t jwenn apwobasyon Chanselye a oswa yon moun li deziyen fèt pou pran responsablite pou finansman amelyorasyon oswa modènizasyon ki dwe fèt nan yon kantite lajan ki egal ak depans lekòl endepandan leta apwouve pou chak lekòl leta ki pa endepandan nan bilding lekòl leta nan twa mwa ki vini apre amelyorasyon oswa yo modènizasyon yo. Chanselye a kapab chwazi tou pou egzèsè nenpòt lòt rekou ki disponib selon lalwa.

c. Apèl

- i. Depi yon pwopozisyon pou mete yon lekòl endepandan leta apwouve nan yon bilding oswa pou mete li nan menm bilding ak yon lekòl leta ak plan pou itilizasyon bilding ki akonpaye pwopozisyon an jwenn apwobasyon PEP, yo kapab fè apèl kont Manm Komisyon Edikasyon konsènan pwopozisyon an oswa aplikasyon konfòmite avèk plan itilizasyon bilding lan yon fason ki konfòm avèk §2853(3)(a-5) Lwa Leta Nouyòk sou Edikasyon.

IV. PWOSEDI POU FÈMTI YON LEKÒL AK CHANJMAN ENPÒTAN NAN ITILIZASYON LEKÒL LA AKÒZ IJANS

- A. Chanselye a kapab fèmen yon lekòl pou yon ti tan oswa li kapab fè yon chanjman enpòtan nan itilizasyon yon lekòl akòz yon ijans si li detèmine mezi a nesèsè imedyatman pou pwoteje sante, sekirite ak byennèt jeneral elèv yo.
- B. Chanselye a fèt pou bay yon deklarasyon alekri pou endike rezon ki fè li pran mezi ijan an, epitou li fèt pou pibliye deklarasyon an sou sit wèb entènèt ofisyèl DOE.
- C. Yon fèmti lekòl oswa yon chanjman nan itilizasyon lekòl la akòz ijans dwe rete anvigè sèlman pandan apeprè sis mwa. Pandan peryòd tan sa a, Chanselye a fèt pou konfòme li avèk kondisyon ki endike nan règleman sa a. Anvan fèmti yon lekòl oswa yon chanjman nan itilizasyon lekòl la akòz ijans kapab depase peryòd sis mwa a, tout kondisyon ki endike nan règleman sa a fèt pou satisfè.

V. DAT LI ANVIGÈ

Règleman sa a fèt pou anvigè nan jou ki vini apre apwobasyon PEP a.

VI. KESYON

Kesyon konsènan règleman sa a fèt pou adrese nan :

Telefòn :
212-374-5049

Divizyon Planifikasyon Pòtfolyo
Vil Nouyòk Depatman Edikasyon
52 Chambers Street – Sal 405
New York, NY 10007

Faks :
212-374-5581

Portfolio@schools.nyc.gov



Fèmte pwogresif ak fèmte definitif non lekòl la (DBN)

I. Rezime Pwopozisyon

- Idantifikasyon enpòtan:
 - o Non lekòl la, kòd, ak klas li genyen
 - o Distri lekòl kominote, kòd bilding ak adrès
 - o Lekòl ki pataje bilding lan (si genyen)
- Deskripsyon aksyon pou yo pran kòm rezilta pwopozisyon an:
 - o Bay enfòmasyon sou aplikasyon pwopozisyon an, ladan klas y ap elimine chak ane ak ane y ap fèmen lekòl la nèt
- Rezon dèyè aksyon yo pwopoze a:
 - o Deskripsyon kritè responsablite ki fè y ap fèmen lekòl la
 - o Eksplikasyon tèm *Persistently Lowest Achieving* (si se ka a)
 - o Si sa posib, rezime etap enpòtan DOE pran pou amelyore pèfòmans lekòl la avan yo rive nan desizyon pou yo fèmen lekòl la
 - o Bay enfòmasyon sou pèfòmans lekòl la ki mennen nan pwopozisyon an ak patisipasyon kominote avan rekòmandasyon an

II. Itilizasyon yo pwopoze pou bilding lan oswa itilizasyon potansyèl li

- Enfòmasyon sou bilding lan:
 - o Kapasite
 - o Fason yo itilize bilding lan kounye a
- Deskripsyon fason yo pwopoze itilize bilding lan
 - o Si nan itilizasyon yo pwopoze pou bilding lan gen lokasyon yon lòt lekòl, bay EIS pou pataj bilding yo pwopoze a

III. Enpak pwopozisyon an sou elèv ki afekte yo, sou lekòl yo ak sou kominote a

a. Elèv

- Enpak sou elèv ki nan bilding lan kounye a:
 - o Dekri nenpòt enpak sou Edikasyon Espesyal (SE) an sou Elèv k ap aprann lang anglè (ELL) ak plan pou sipòte yo pou avanse (si se ka a)
 - o Eksplike opsyon lòt lekòl ki disponib pou elèv ki nan lekòl la kounye a ladan si elèv gen yon opòtinite pou transfere kite lekòl la
 - o Dekri nenpòt chanjman nan pwogram admisyon lekòl segondè, CTE Pathways, pwogram chwa lekòl presegondè ak pwogram SE ak ELL ki disponib pou elèv ki nan bilding lan kounye a ke yo pwopoze kòm pati pwopozisyon sa a (si gen sa)

- Si gen sa, dekri nenpòt lòt lòt chanjman enpòtan yo pwopoze nan pwogram nan lekòl la ki fè pati pwopozisyon an
- Enpak sou elèv ki deja nan lekòl y ap elimine a:
 - Eksplike pwochen etap pou elèv ki te mete lekòl y ap elimine a nan aplikasyon lekòl segondè yo
 - Si se yon lekòl ki pou yon sektè, ekplike enpak sou fanmi ki rete nan sektè lekòl sa a
 - Dekri lòt opsyon pou elèv. Mete lis lekòl (ki gen menm klas avèk sa k ap fèmen) ki nan kominote kote lekòl y ap elimine a yoe, epi bay enfòmasyon sa yo pou chak lekòl sa yo:
 - Non
 - DBN lekòl la
 - Adrès
 - Done sou enskripsyon
 - Kapasite bilding lan/Itilizasyon l
 - Done yo mande (kote ki gen sa)
 - Kritè elijiblite ak pwogram yo genyen
 - Done SE ak ELL
 - Pwogram admisyon lekòl segondè ki disponib, CTE Pathways oswa pwogram chwa lekòl presegondè kote ki gen sa
 - Aksè nan lokal
 - Enfòmasyon sou responsablite
 - Enpak sou pwogram ki disponib:
 - Mete lis pwogram admisyon lekòl segondè k ap genyen, CTE Pathways ak pwogram chwa lekòl presegondè (kote ki gen sa) ki disponib nan eliminasyon yo pwopoze a
 - Mete lis lekòl (ki menm klas avèk lekòl y ap fèmen an) ki ofri pwogram admisyon lekòl segondè, CTE Pathways ak pwogram chwa lekòl presegondè sanblab, kote ki gen sa
 - Si bilding lan gen aksè total pou chèz woulant, eksplike kòman y ap akomode elèv ki bezwen aksè total pou chèz woulant

b. Lekòl

- Enpak pwopozisyon an sou lekòl ki nan bilding lan:
 - Kantite plas y ap elimine nan bilding lan akòz eliminasyon an
 - Kisa yo pwojte fè avèk bilding lan
 - Kantite nouvo plas yo pwojte nan bilding lan
 - Deskripsyon nenpòt nouvo lekòl yo pwojte mete nan bilding lan (fè referans sou EIS separe y ap kreye). Mete enfòmasyon sa yo:
 - Non
 - DBN lekòl la
 - Adrès
 - Enskripsyon pou antre yo pwojte
 - Kritè seleksyon (si gen sa)

- Pwogram admisyon lekòl segondè ki disponib, CTE Pathways oswa pwogram chwa lekòl presegondè (si gen sa)
- Pou chak lekòl nan bilding lan, dekri kòman espas yo bay pou enstriksyon ap chanje avèk pwopozisyon sa a. Dekri tou si ap gen yon rediksyon oswa yon ogmantasyon nan efektif lòt lekòl akòz pwopozisyon sa a.
- Mete lis travay konstriksyon oswa reparasyon ekipman, si genyen

c. Kominote

- An jeneral, dekri enpak pwopozisyon an sou kominote a:
 - Enpak sou kantite plas ki disponib ak sou lekòl ki nan anviwon an:
 - Tandans efektif
 - Bezwen kapasite
 - Kantite plas y ap elimine nan kominote a lan akòz eliminasyon an ak separasyon sa a.
 - Kantite nouvo plas yo pwojte kreye nan kominote a avèk nouvo lekòl yo, plis nivo klas, avèk nouvo lekòl yo k ap pran yo
 - Mete lis tout nouvo lekòl (ki gen menm nivo klas) nan kominote a (nenpòt sa ki genyen an) epi bay enfòmasyon sa yo:
 - Non
 - DBN lekòl la
 - Adrès
 - Enskripsyon pou antre yo pwojte
 - Kritè seleksyon (si gen sa)
 - Pwogram admisyon lekòl segondè ki disponib, CTE Pathways ak pwogram chwa lekòl presegondè (si gen sa)
 - Dekri lòt opsyon pou elèv. Mete lis lekòl (ki gen menm klas avèk sa k ap fèmen) ki nan kominote kote lekòl y ap elimine a ye, epi bay enfòmasyon sa yo pou chak lekòl sa yo:
 - Non
 - DBN lekòl la
 - Adrès
 - Done sou enskripsyon
 - Kapasite bilding lan/Itilizasyon l
 - Done yo mande (kote ki gen sa)
 - Kritè elijiblite ak pwogram yo genyen
 - Done SE ak ELL
 - Pwogram admisyon lekòl segondè ki disponib, CTE Pathways ak pwogram chwa lekòl presegondè, kote ki gen sa
 - Aksè nan lokal
 - Enfòmasyon sou responsablite
 - Enpak sou disponiblite pwogram:
 - Mete lis pwogram admisyon lekòl segondè k ap genyen, CTE Pathways ak pwogram chwa lekòl presegondè ki disponib nan eliminasyon yo pwopoze a

- Mete lis lekòl ki ofri pwogram admisyon lekòl segondè, CTE Pathways ak pwogram chwa lekòl presegondè sanblab
- Istwa ak Itilizasyon kominote a
 - Di kilè lekòl la te ouvri
 - Dekri efè eliminasyon yo pwopoze a kapab genyen, si genyen, sou abilite manm kominote a pou jwenn pèmi pou itilize bilding lan nan lokal lekòl y ap elimine a dapre seksyon 414 Lwa Edikasyon

IV. Enfòmasyon sou Enskripsyon, Admisyon ak Pèfòmans lekòl la

- Pou tout lekòl ki afekte, bay enfòmasyon sa yo:
 - Done sou enskripsyon
 - Efektif lekòl la ak kals li genyen
 - Kantite elèv nouvo lekòl la pwojete genyen
 - Kritè admisyon ak elijiblite
 - Enfòmasyon sou popilasyon an
 - Pou lekòl yo pwopozse fèmèn, mete lis klas li genyen ak katite elèv yo pwojete genyen pou chak klas depi lwekòl la kòmanse fèmèn jiskaske li fin fèmèn nèt
 - Done Pèfòmans:
 - Nèt Rapò sou Pwogrè
 - To gradyasyon ak/oswa nèt ELA/Matematik
 - Done sou Responsablite Eta a
 - Prezans anmwayèn ak *link* pou rapò prezans lan

V. Pri pou kòmanse ak ekonomi

- Bay enfòmasyon sou fòmil pou ranmase fon pou lekòl
- Bay enfòmasyon sou pri depasman an (si gen sa)

VI. Efè sou bbezwen pèsònèl la, pri enstriksyon, administrasyon, transpò ak lòt sèvis sipò

a. Bezwen pèsònèl

- Dekri enpak sou estaf administrasyon an, djòb pou anplwaye k ap anseye ak pou anplwaye ki p ap anseye y ap kreye oswa elimine akòz pwopozisyon sa a
- Fè referans sou enpak total sou pozisyon nan distri a ak/oswa sistèm lan

b. Pri Enstriksyon

